

# **Seksyon Pwoteksyon Refije, Lèt konvokasyon - Ajoutman A**

## **Desizyon pou lasante ak pwoteksyon**

Komisyon Imigrasyon ak Refijye (KIR) ap kontinye kenbe sèten desizyon enpòtan pou lasante ak pwoteksyon konsènan KOVID pou pwoteje patisipan nan odyans yo, anplwaye ak vizitè yo.

Silvoulè, pran nòt sou tout restriksyon sa yo :

**Moun kap mande azil :** Moun k ap fè demann azil ki gen mwens ke 18 an pa bezwen vini nan odyans Seksyon Pwoteksyon Refijye (SPR) yo amwens ke Seksyon an ta mande sa. Byenke yo kapab patisipe si yo menm ak reprezantan yo a swete sa. Seksyon Pwoteksyon Refijye pwograme odyans yo yon fason pou respekte distans fizik ki dwe genyen ant moun yo, konsa tou nou ka diminye kantite patisipan ki genyen nan yon odyans. Silvoulè voye yon lèt, 10 jou avan dat odyans lan, pou fè SPR konnen si w ap vini ak yon demandè ki gen mwens ke 18 an (enfòmasyon kontak la nan lèt konvokasyon ou resevwa a).

**Obsèvatè yo :** Silvoulè ekri Seksyon Pwoteksyon Refijye a 10 jou alavans si w ap vini ak yon obsèvatè (kòm yon ankourajman).

**Temwen :** Ou kapab mennen kèk temwen nan odyans ou. Selon règleman SPR yo, ou dwe voye yon lèt 10 jou alavans pou w enfòmè SPR sou sa. Ou dwe bay non temwen kap vini an, rezon temwayaj la, kantite tan temwayaj la ap dire, ki sa temwen an ye pou ou, e si l ap bezwen yon entèprèt. Konsatou, nan lèt wap voye 10 jou avan odyans lan, wap fè SPR konnen si temwen an ap temwaye an pèsòn oubyen pa telefon. Sil posib, fè aranjman pou temwayaj la fèt pa telefòn.

Lè w resevwa lèt konvokasyon w, ou dwe chache konnen [Desizyon sou lasante ak sekirite SPR yo](#).